www.BibleForChildren.org


# Mateo 8



Pazuva rochitatu kudoitika muchato kuKana romuGaririya. Amai vaJesu vanga variko, futi Jesu novadzidzi vache vanga vakokewawo kumuchato wakareyo.



Waini paidopera, amai vaJesu vadomunyepa vachiti, “Havachinai waini.” Amai vache vadobva vanyairira vashandi vachiti, “Itai zvese zvaanokunyepai.”



Jesu adoti kuvashandi, “Zazai makhate yakareya nomvura.” Vashandi vadobva vayazaza kuti punumunu. Adodzoti kwavari, “Chitekai muende kopasa mukuru womutambo.” Ivo vadobva vaita zvakarezvo.



Mukuru womutambo paadoraidza mvura yanga yava waini. Adozivaba kwayanga yabva asi vashandi, vanga vateka mvura ndivo vaiziva.



Mukuru womutambo adodaidza murume waichata ndokuti kwaari, “Munhu wese anothanga kukovera waini idonaka, kana vaphunga vakorewa, wodzovapasa waini yomaruhwi. Asi iwewe wanga udondochengeta waini idonaka kusvika manje!”



Chakarechi nyhiratidzo chokuthanga, chidoitiwa naJesu paKana roGaririya. Paadonangidza kubhwinya kwache vadzidzi vache vadotenda kwaari.



Jesu paadopinda mumba maPita, adoona amezvara vache vadoenzera vachihwara nomuviri.



Adovabata ruoko, muviri uchibva wapora, vadosumuka pakarepo ndokumutenairira.



Mauro yakareyo zuva rakunyura ratoti piriviri, vadouya kwaari novese vanga vachihwara novadogahwa nomashave.


Gurusvusvu rovanhu ridoungana pamusuwo richibvа munzvimbo dzese dzoguta.



Iye adoporesa vahwere vadowanda vanga vanomatenda yadosiyana siyana nokudzinga mashave mazinji. Adorambidza mashave kunyaira, ndava yaimuziva kuti mbani.



Ipopo mhomho yese yovanhu vadovavarira kumubata, ndava simba raibirika kubva paari richivaporesa vese.



Zvino varume vanai vadouya kwaari vadotembedzana murume wanga adotonhora nhengo.



Pavadotadza kusvika papfupi naye nokuda kwomhomho yovanhu, vadonyandanura denga roimba yakareyo panga padonangana naJesu. Vadobva vadzikisa mukhangara waiva nomuhwere wavo.




Jesu paadoona kutenda kwavo, adoti kuno adotonhora nhengo, “Mwanakomana wangu, zvitema zvako zvaregerehwa.” “Ndinoti kwauri, sumuka, tora bonde rako uende kumba kwako!”



Zvino paadopinda mukamwadiya, vadzidzi vache vadomutevera. Pakarepo duthu rikuru ridomuka pagungwa, zvokuti kamwadiya kanga kaakunyudziwa nomapfeni yomvura. Asi iye wanga adoenzera.



Iye adoti kwavari, “Munochireiko imi vokutenda kudiki?” Ipopo adosumuka ndokudzuma duthu nomapfeni yogungwa, ndokubva zvarosa nokudekhara. Varume vadoshamisika. Ndokunyairirana vachiti, “Anga munhu wakareyu mbani? Anotototetekehwa noduthu nogungwa!”



Nokuti Mwari adoditsa nyika zvokutoipasa Mwanakomana wache mubodziyo, kuti wese anotenda kwaari areke kupfa, asi ave noupenyu husingapere.

VaRoma 3:23

Nokuti vese vadotadza vadoperevera kusvika pakubhwinya kwaMwari.

VaRoma 6:23

Ndava mubairo wochitema ipfa, asi chipo chaMwari, upenyu husingapere muna Khirisitu Jesu Ishe wedu.

VaHebheru 9:27

Uye zvakudotariwa kuti vanhu vapfe kabodzi, mumasure mozvakarezvo kutongewa kuchidzouya,

VaEfeso 2:8,9
Nokuti mudoponesewa nomutsa kuburikidza nokutenda, zvisingabve kwamuri, asi nzvochipo chaMwari peno, nzvomabasaba, kuti kureke kuva nomunhu anozvikudza.

VaRoma 10:9,10
Nokuti kana uchipupura nomuromo wako kuti Jesu ndiye Ishe pakare uchitenda mumwoyo mako kuti Mwari adomumutsa kubva kuvadopfa, uchaponesewa. Ndava unotenda nomwoyo ndokuti ururamisiwe, pakare unopupura nomuromo wako woponesewa.

Johwani 3:16,17
Nokuti Mwari adoditsa nyika zvokutoipasa Mwanakomana wache mubodziyo, kuti wese anotenda kwaari areke kupfa, asi ave noupenyu husingapere. Nokuti Mwari haanai kutuma Mwanakomana wache kuti apase murandu nyika, asi kutoti nyika iponesewe kuburikidza naye.

Johwani 5:11-13
Futi uhu ndihwo upfakazi hwokuti, Mwari adotipasa upenyu husingapere. Upenyu hwakarehu huri muMwanakomana wache. Wese ano Mwanakomana anoupenyu, asi wese asinai Mwanakomana waMwari haanai upenyu. Ndiri kunyora zvakarezvi kwamuri vanotenda muzita roMwanakomana waMwari kuti muzive kuti munoupenyu husingapere.

Mateo 8-9; Mariko 1-2, 4; Ruka 4, 8; Johwani 2

Storyline by: Edward D. Hughes

Illustrated by: Byron Unger, Lazarus,
and Alastair Paterson

Adapted by: E. Frischbutter, Sarah S.

Shona KoreKore NT (sna) The Word for The World International

https://live.bible.is/bible/SNASUV/MAT/1

©2026 Bible for Children, Inc.

www.M1914.org www.bibleforchildren.org